# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि संझा गोरखपुर पहुलें। उहां के गोरखनाथ मंदिर में गुरू गोरखनाथ क पूजा–अर्चना कइलें अउर आपन गुरू ब्रह्लीन महंत अवेद्यनाथ के मुरती पर फूल चढ़ा के उनकर आसीरबाद लिहलें। मुख्यमंत्री छब्बीस मार्च के भगवान नरसिंग के सोभाजतरा में सामिल होइहें अउर होलियो खेलिहें। उहां के बिहने सहर के पाण्डेय हाता के होलिका दहन कार्यक्रम में सामिल होइहें। गोरखनाथ मंदिर में होलिका दहन के राखी से होली खेलले क पुरान रिवाज हौ। आरएसएस क परचारक नानाजी देशमुख बरिस ओन्नइस सौ चउवालीस में गोरखपुर रहले के दौरान भगवान नरसिंग रंगोत्सव सोभाजतरा क सुरूआति कइले रहलें। उनके कोसिस से येह सोभाजतरा क गोरखपीठ से गहरा जुड़ाव रहल है अउर हर सलियें मुख्यमंत्री येह सोभाजतरा में सामिल होलें।

**********

होली क तिउहार अउर सार्वजनिक छुट्टी के नाते लोकसभा चुनाव क पहिला फेरा के आठ सीटिनि बदे बिहने अउर परसों परचा नाहीं भरल जाई। छुट्टी के नाते सेह सीटिनि पर अजुओ परचा नाही दाखिल कइल जा सकल। अइसन में येह सीटिनि पर परचा भरे बदे अब खाली छब्बीस अउर सत्ताइस मार्च के मौका मिली। रामपुर जिला क जिला सूचना अधिकारी सुमित भारती बतवलें कि छुट्टियन में ओम्मेदवार लोगि खाली परचा खरीदि सके लें बाकिर दाखिल नाहीं कइ सकिहें। प्रदेस में पहिला फेरा में सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत लोकसभा सीटि बदे ओन्नइस अपरैल के ओट परी। येह सीटिनि बदे बीसे मार्च से परचा दाखिला सुरू हो गइल रहे। परचा दाखिला के तिसरका दिन ले कई पारटियन क खाली चारे ओम्मेदवारे परचा दाखिल कइले हवें।

**********

समाजवादी पारटी प्रदेस क चारि गो खाली विधानसभा सीटिनि में से तीनि सीटिनि के उप चुनाव बदे अपने ओम्मेदवारन क घोसणा कइ दिहले हौ। पारटी की ओरि से जारी सूची के मोताबिक शांहजहांपुर के ददरौल विधानसभा से पूर्व मंत्री अवधेश कुमार वर्मा, बलरामपुर जिला क गैंसड़ी से राकेश यादव अउर सोनभद्र जिला क दुद्धी विधानसभा से पूर्व विधायक विजय गोंड ओम्मेदवार होइहें। एगो अउरियो खाली लखनऊ पूरबी विधानसभा सीटि बदे पारटी फिलहाल ओम्मेदवार के नांव क घोसणा नाहीं कइले हौ।

**********

बहुजन समाज पारटी श्रावस्ती लोकसभा सीटि से सांसद शिरोमणि वर्मा के पारटी से निकारि दिहले हौ। अम्बेडकरनगर जिला क रहवइया बसपा सांसद पर पारटी बिरोधी गतिविधियन में सामिल भइले क आरोप हौ। उनके गृह जिला क बसपा जिलाध्यक्ष सुनील सावंत गौतम चिट्ठी जारी कइ के श्री वर्मा के निकरले क पुस्टि कइले हवें।

**********

श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट अजोध्या में रामलला क दरसन बदे आ रहल सरधालुअन के फरिया दिहले हौ कि मंदिर में वीआईपी दरसन क कउनों इंतिजाम नाही कइल गइल हौ। श्रीरामलला जन्मभूमि मंदिर निर्माण समिति क दुइ दिन क बइठकी के बाद ट्रस्ट क महासचिव चंपत राय काल्हि लोगिन के सचेत कइलें कि कुछु समय बचावे बदे फिजूल खरचा न करें, काहें से कि ट्रस्ट की ओरि से दरसन बदे कउनों खास इंतिजाम नाहीं कइल गइल हौ। उहां के कहलीं कि चइत रामनौमी पर अजोध्या में करीब पचीस से तीस लाख सरधालुअन के अइले क ओम्मेद हौ। बीतल दस मार्च के सवा दुइ लाख अउर सतरह मार्च के पौने दुइ लाख सरधालु रामलला क दरसन कइले हवें।

**********

होली तिउहार के ले के ब्रज क्षेत्र के सथहीं पूरा प्रदेस में उछाह क माहौल हौ। जहवां एक ओरि बजारि रंग, गुलाल, पिचकारी अउर मिठाइयन से गुलजार हौ ओहीं, कई गो सामाजिक अउर सांस्कृतिक संगठनो होली मिलन कार्यक्रम के जरिये भाइचारा क सनेसा दे रहल हवें। प्रदेस के अलगि–अलगि जिलन में होली खेलले क अलगि–अलगि रिवाज देखे के मिलि रहल हौ। पीलीभीत जिला क होली महिला ससक्तीकरण क एगो अनोखा उदाहरण हौ। जिला में होली के बाद दूइज के रंग खेलले क रिवाज हौ। अंगरेजन के समये से येह गांव में होली के दौरान मेहरारून से डेरा के पुरूस के घर छोड़ि के चलि गइले क रिवाज रहल हौ। अइसन में जे भी मिलले ला ओके महिला लोगि रंग लगा के नेग ओसूलेलिनि। येहू सालि ओहां के महिला लोगि ठाकुरद्वारा मंदिर में छब्बीस मार्च के ई खास होली खेलले क तइयारी कइले हइनि।

**********

आजु पूरा देस में सहीद–ए–आजम भगत सिंह, राजगुरू अउर सुखदेस क सहीदी दिवव मनावल जा रहल हौ। लाहौर षड्यंत्र मामिला में बरिस ओन्नइस सौ एकतीस में अजुये के दिन्ने तिन्नो क्रांतिकारियन के फांसी दीहल गइल रहे। प्रदेस क जौनपुर जिला के कलेक्ट्रेट परिसर के क्रांति स्तंभ पर मोमबत्ती अउर अगरबत्ती जरा के तिन्नो क्रांतिकारियन के सरधांजलि दीहल गइल। येह मौका पर हिन्दुस्तान सोसलिस्ट रिपब्लिकन आर्मी अउर लक्ष्मीबाई ब्रिगेड क कार्यकरता अउर स्थानीय लोगि दुइ मिनट क मौन रखलें अउर उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर पुरहर रोसनी डरलें।

**********